# ЦIияб 2022 Сонгун, районцоял!

Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№1 (7504)
1 Январь
Рузман
2022 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## БитI кколеблъун батаги!



Тарихалъулъе ана XXI гIасруялъул 202I сонги, бегана нилъер гIумроялъул цойги тIамач. Гьеб букIана захIмалъиялъулал тIалабал гIемерал ругониги щивасе гIумро тIамиялъе ресал кьураб. Нахъа тараб сон букIана социалиябгун экономикияб ва культурияб рахъалъ цебетIураблъун, г1уцIарухъанлъиялъул гIумроялъулъ лъикIаб лъалкI нахъе тараблъун.

Араб сонална нилъеца районалъул гIадамазул мурадал ва хIажалъаби тIураялъе гIемерал хIалтIаби гьаруна. Республикаялъул бетIерлъун В. ГI. Васильев вачIаралдасахIалтIизелъугьанагьебишалъецIикIкIарал ресал кьолел хасал программаби, гьезда рекъон биччана гIарацги. «Мой Дагестан» программаялда рекъон къачIалел руго республикаялъул ва районазул нухал, «Чистая вода» программаялда рекъон рачунел руго лъинал, «I50 школ» программаялда рекъон къачIана школал. ХIалтIулел руго цогидалги Дагъистан кинабго рахъалъ цебе тIезе рес кьолел программаби. Гьел программаби хIалтIизарулел руго Дагъистаналъул бетIерлъун С. ГI. Меликов вачIун хадубги.

Жигараб хIалтIи гьабуна районалда араб сонална налогал ракIариялда ва цогидалги плановиял рахъал церетIезариялъе. Налогал ракIариялъул план тIубана 97 %. Районалъул АТК хIасил кьоледухъ хIалтIиялъул хIасилалда гьабсагIаталда районалда буго гIодобе биччараб ахIвал-хIал.

Гьеб буго районалъул гIадамазул жигараб позициялдалъун ккараб лъикIаб хIасил. Дир ракI чIола гьединаб пайдаяб къагIидаялъ цадахъ рекъон гьабулеб хIалтIи ЦIияб Соналда жеги цIикIкIинин. Гьелъул цIикIкIараб кIвар буго хадубккунги халат бахъине бегьулеб финансовиябгун политикияб чIара-хьараб х1ал гьечIолиялъе.

Нилъ гьорлъе лъугьараб 2022 сон баркизе бокьун буго байбихьуда тIолабго районалъул гIадамазда, райадминистрациялъул хIалтIухъабазда, районалъул Собраниялъул депутатазда.

Биччанте ЦIияб Сон нилъее букIине политикияб рахъалъ гIодобе биччараблъун, рохалилаблъун ва талихIаблъун. Нужер щивасул ургъелаби, къварилъаби араб соналъулъ хутIаги, бачIараб ЦIияб 2022 Соналъ нужер къавулъе лъикIаб гурони хабар бачIунгеги.

ТIурайги щивасул ракIазул мурадал, кьейги сахлъи. ЦIияб 2022 Согун, районцоял!

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ**
**«Унсоколо ройон» МОялъул бетIер**

## Аппараталъулаб данделъи



Гьал къоязда ирградулаб аппараталъулаб данделъи тIобитIана районалъул администрациялда. Гьеб бачана муниципалитеталъул бетIерасул ишал тIуралев Хъ-М. ГIабдулхаликъовас.

Данделъиялда роржана гIемерал кIвар бугел суалал: школазда хасалил заманаялда хинлъи чIезабиялъул, ОРВИялъул ва гриппалъул унтудаса цIуниялъе гьаризесел тадбиразул, ралел бакIазул, налогал ракIариялъул, электричествалъул ва цогидалги.

Данделъи рагьулаго Хъ-М. ГIабдулхаликъовас хIасилал гьаруна араб соналда гьарурал хIалтIабазул. Гьебнибго налогал ракIариялъул лъагIалида жанир ругел хIасилазда тIадчIей гьабуна экономикаялъул отделалъул нач. М. ГIадуевас. Бихьизабуна гьелъул план I00 % тIубазе рес бугин. ГIолилазда гьоркьоб гьезие данде кколеб политика бачиналда гьабураб хIалтIул бицана отделалъул нач. А. МухIастановасги. ТIадчIей гьабуна Шамильхъала поселокалда лъел труба бихъиялда. Гьелда хурхун ремонталъулал хIалтIаби унел ругин бихьизабуна «УСЕЗ ва ЖКХялъул» отделалъул нач. А. ГIабдулхаликъовас.

Данделъиялда гьоркьор лъурал суалал гIумроялде рахъинариялъе гьаризесел хIалтIаби тIадкъана иш тIаде ккolезда.

## Поддержим районную газету «Садовод»

**Уважаемые жители Унцукульского района!**

Напоминаем Вам, что идет подписная кампания единственного в районе печатного издания – газеты «Садовод» («Ахихъан»).

Убедительно просим всех оказать содействие в проведении подписной компании, подписать и поддержать районную газету, которая является культурно-историческим достоянием Унцукульского района. Газета выходит 4 раза в месяц.

Цена подписки на год 450 рублей.

Вы можете оформить подписку через МБУ «Единая информационная служба» Унцукульского района и сэкономить свои деньги.

Всех, кто столкнулся с трудностями в оформлении подписки или не успел ее оформить, просим обратиться в нашу информационную службу.

Мы находимся в здании районной администрации в п. Шамилькала, ул. Махача Дахадаева, 3, 3 этаж.



В газете вы можете прочитать об основных событиях, происходящих в районе, а также интервью, очерки, полезные советы.

## ЦIалдолезде - нижер барки

Баркула, нужеда, тIаде щвараб Сон,
ТIурайги хIасратал рекIел мурадал,
Нужер хIурматалда хIур кIутIугеги,
Нужер къадруялъул къимат хогеги!
Къадарлъи, инжитлъи, хIилла-рекIкI, рогьо
ГIумроялъ бихьизе хъван батугеги,
Рохелалъ гурони, къварилъабаца

Къиругеги нуцIа, нужер къавулъе.
Нужер намусалда цIа рекIунгеги,
ЦIогьаз бикъугеги къиматаб ияхI,
Нужеца бекьараб хур цIун бачIаги,
Сундулъго битIги ккун, рази хутIаги!

**РЕДКОЛЛЕГИЯ**

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 1 (7504)
Рузман
1 январь 2022 сон



**ЦIияб Соналъе - гьари**

Гьаб ЦIияб Соналда басриябщинаб
Кинабго хисаги нилъер гIумрудулъ,
ГIумроялъе хIинкъи кьолеб США-ги
ТIад вугев Аллагьас рахсида баги!
Аллагьасул гуреб унти биччалел
Гьелъ жалгоги лъугIун, гIумро тIегьаги!

ТIолабго дуниял кьалде рехулел
НАТОялъул къуват хIатIикье ккаги!
Дунялалда кьалал рекьулелщинал
КантIулел гьечIони, къаникье ккаги!
Кьалде хIадурулеб халкъалъе биччан
Гьаб ракьалда гIумро цIилъун бачIаги!



# Районалъул депутатазул Собраниялъул заседание



Арал къоязда букIана «Унсоколо район» МОялъул муниципалияб районалъул депутатазул Собраниялъул микьабилеб нухалда ахIараб иргадулаб заседание. Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIер ГI. Нурмух1амадов, районалъул Собраниялъул председатель М. Юсупов, районалъул контролиябгун хIисаб-суалалъул палатаялъул пред. ГI. Насрулаев, районалъул администрациялъул финансазул отделалъул нач. Ж. Шамсудинов.

Заседаниялъул балагьиялде росун рукIана гьал хадусел суалал:

I. «РДялъул «Унсоколо район» муниципалияб гIуцIиялъул 2022 соналъе ва плановиял 2023-2024 соназул заманалда бугеб бюджеталъул проекталъул хIакъалъулъ».

2. «Унсоколо район» муниципалияб гIуцIиялъул росабазул бакIалъулал самоуправлениязухъе бакIалъулаб кIваралъул полномочиял кьеялда хурхун»

3. «202I соналъул бюджеталда хиса-басиял гьариялъул хIакъалъулъ»- суалал.

Заседание бачана районалъул депутатазул Собраниялъул председатель Юсупов МухIамад Башировичас.

Гьоркьор лъурал I ва 3 суалазда хурхун кIалъазе рахъана районалъул финансазул отделалъул нач. Ж. Шамсудинов, 3 суалалдасан кIалъана районалъул архитектор XI-М. ГIабдурахIманов. Ракьазул Положениялъул хIакъалъулъ бицана буголъиялъул комитеталъул бетIерав специалист Ш. ШагIбановас.

Заседаниялда гьоркьор лъурал киналго суалаздасан рекъон кколел хIукмабиги къабул гьаруна.

# Вырубка хвойных деревьев под запретом!

Впереди Новый год. И по традиции, во многих домах уже наряжают елочку и создают новогоднюю атмосферу. Ежегодно перед праздником в России вырубается 55 тысяч живых елей! И это – очень печальная статистика.

Для того, чтобы сберечь природу от уничтожения и для усиления охраны лесов, вырубка хвойных молодняков в лесах Дагестана и в частности на территории нашего Унцукульского района в предновогодний период ЗАПРЕЩЕНА!

За незаконную вырубку и заготовку хвойных деревьев предусмотрена административная и даже уголовная ответственность.



Давайте относиться к природе с любовью и заботой! Давайте беречь наши леса! Только задумайтесь: одна средняя ёлка не более полутора метров длиной растёт около десяти лет! И даже посадка новых деревьев на месте срубленных не может своевременно компенсировать утрату лесного ресурса.

Живой елке, срубленной из леса для праздничных дней, есть несколько альтернатив: искусственная елка, которую вы сможете ежегодно украшать и убирать вновь, и живая ель в горшке. Такие елочки прекрасно живут и в доме, и в лесной почве, куда их пересаживают после праздников.

Выбирайте природу! Выбирайте чистую экологию для будущих поколений!

Востокалъул календаралда рекъон

# Щиб нилъее бачIине бегьулеб ЦIияб 2022 Соналъ?



ЛъугIана ХъахIаб металлалъул оцол 202I сон, нилъехъе гIунтIана ЦIияб зодил кьераб (чIегIераб) лъадал цIиркъалъул (тигралъул) сон. Щиб гьеб соналъ гIага-шагарго нилъеда бихьизе бегьулебали бицунеб буго ФАНалъул гьаб материалалда

Востокалъул календаралда рекъон 2022 Сон ккола Зодил кьераб Лъадал цIиркъалъул Сон. Гьеб ккола календаралда лъабабилеб зодиакияб гIаламат. БитIухъе бицани Зобалазда гъорвь вугев цIияб хозяин унго-унголъун жиндирго хъулухъалде лъугьуна ЦIияб соналъул I февралалдаса нахъе, лъугIула ЦIиркъил сон 2023 соналъул 2I январалда. Амма Россиялда цо-цо цогидал пачалихъаздаго гIадин ЦIияб Сон кIодо гьабула 3I декабралда.

Астрологазул бихьизабиялда рекъон бачIараб соналъе къимат кьолеб буго кидаго гIадин лъагIалил символлъун бугеб хIайваналъул гIамал-хасияталда рекъон. Амма щибниги хIинкъизе кколаро. ЦIиркъ ццидалаб гIалхул хIайванлъун рикIкIаниги, гьелдаго цадахъ ккола жиндаго квелъ базе бажарулеб, хъизаналъулаб хIайванлъун. 2022 соналъул стихиялъ, ай инсанасе бокьухъе баччизе бажарулареб иш, тIабигIияб гуч ккола лъим, гьелда тIад лъикIаб асар букIуна гIалхул хIайваналъул, гьабула гьеб дагъабго гIодобе биччараблъун, рекъа-решей бокьулеблъун. Гьединлъидал 2022 сон букIине бегьула гIемерго тамахаб,-ян рикIкIунеб буго астрологаз, амма ракIалдаго гьечIого тIаде рачIунел жал камун хутIиларо.

Лъадал жанавар сундасаго цебе кколелъул хиса-басиялъул символ, ккезе бегьулелъул хIисаб гьабичIого жиндирго анищ тIубаялде унезе гьаб сон лъугьине бегьула хасаблъун. Амма гIицIго битI ккеялде бугеб хьулалда божун чIезе бегьуларо, кIочонге щибаб гали хIисабалда лъезе кколеблъи. Гьедин гьабуни лъагIалил символ нужгун букIине буго. Гьелдаго цадахъ цIиркъ рикIкIуна ишалъе ракI кьураб хIайванлъун, гьединлъидал хъизаналда жаниб ракIалдаго гьечIел ишал ва хиса-басиял рукIинин кколаро.

Гьединго символалъ лъагIалие бачIине рес буго битIккей, хасго цIали байбихьулезе, цIиял ишазе ва сапаразда гьелъ кьезе руго лъикIал ресал.

Кин хIалхьи гьабилеб ЦIияб Соналда?

Россиялда ЦIияб Сон байбихьун хадуб хIалхьи гьабизе бегьула 3I декабралдаса нахъе. ТIаде бугеб хIалхьиялъул къо босун буго РФялъул производственнияб календаралде. Къокъго абуни ЦIияб соналъул хIалхьиязул къоязул къадар бахуна 10 къоялде, 2022 соналъул 9 январалде щвезег1ан . I0 январалдаса нахъе россиязулал тIад руссуна хIалтIулаб ах1вал-хIалалде.

ЦIияб Сонгун!

Дагъистаниял ва дин

# Дагъистан – Алжаналъул ракь

**Унеб буго татаразул Булгъариялъ ислам къабул гьабун тIадеялъул II00 сон тIубаялде кIудияб хIадурлъи. Гьеб гьижрияб къагIидаялъ I442 сон букIин хIисабалде босани ва Дагъистаналде ислам жеги гьижрияб 2I-леб соналъго бачIун букIун батани, нилъер гьанибе ислам бачIаралдаса I420 соналдасаги тIаде унеб буго. Амма гьелъул хIакъалъулъ бицунев чи вахъинчIо. Нижер хIукму ккана цо дагьабниги гьелъул бицен гьабизе.**

АлхIамдуллилагь, Аллагь, щибаб рецц Дуе буго
Дагъистан Алжаналъул ракьалдасан гьабурав.
Свалатгун салам лъеги хирияв ХIабибасда,
ХIадис гьелъул хIакъалъулъ, жиндица бицун тарав!
Цинги, Аллагь разилъун, рохаги асхIабзаби,
Исламияб дин босун, Дагъистаналде щварал!
Даражабиги цIикIкIун Алжанал хIалаллъаги,
ХIадисалда нахърилъун жигьадалъ рахъаразе!
Гьанже гIинтIаме, вацал, бицинин дагьаб хабар,-
Дагъистан икъламалъул къадругин къимат лъазе.
Къудраталъул Аллагьас «Алжаналъул ракь» абун
Жинда цIар тараб улка – гьелеха нилъер ВатIан!
Гьанже, Дагъистан гIадаб, дин бацIадго цIунараб,
Дунялалъул бокIназда бакI гIемер батиларо.
Бихьаралъе къимат кьун, хIакъаб рагIи бицунев
Бусурманчияс гьелде инкарги гьабиларо.
Баркат гIемерав ТIагьа, Жибрил малайкги витIун,
Жаббарас МигIражалде ахIун унеб сордоялъ,
Гьесда цо цIакъ берцинаб, гIажаибаб ракь бихьун,
Жибрил малаикасде, суал кьун, гьикъанила.
«Гьаб бакI буго Дагъистан-Алжаналъул ракь» абун,
Аварагасе жаваб Жибирас гьабунила.-
Гьаниб гъазават гьабун шагьидлъарав чиясе
Нусавго шагьидасул кири щвей биcанила.

**СагIид-афанди**

Гьалда хурхараб буго накъшубандияб тIарикъаталъул устарзаби-вализаби Дагъистаналда цере ва гьанжеги рукIинги.

Дагъистан Алжаналъул ракь бугин абураб жо ургьир рекъоларого лъугьунезе гьелъие кьучIал гIалимзабазул чанго хIужаги бачина.

Шайих МухIамад Мурад Манзалавияс «Тарихγ Булгъар» тIехьалда хъвалеб буго: «Дида кодоб буго Баб аль-Абвабалъул (Дербент. – ред.) тIокIлъабазул хъвараб тIамач. Хъван буго перс мацIалда ва турк мацIалде буссинабун буго. Жидедаса Аллагь разилъаял ГIумар бин Хаттабидасан абу Гьурайратица бицараб марфугIаб (Иснад живго ссвалат салам лъеяв Аварагасухъе щолеб) хIадисалда буго: «Цо къоялъ дица Аварагасда (с. т. гI. в.) бищунго хирияв гIалимзабазул хIакъалъулъ гьикъана. Аварагас (с. т. гI. в.) жаваб гьабуна: «ХIакълъунго кIудияб къедалде (садд агIзам) (гьаниб бицен гьабулеб буго Баб аль- Абвабалъул) аскIоб жигьад гьаби киналго лагъзадерил гIибадаталдасаги хирияб буго»,-ян. Дица гьикъана: «Я Расулуллагь, гьеб ЯгIжум-магIжумалде цебе бараб къед гурищ?»-илан. Гьес жаваб гьабуна: «Гуро, гьеб бан буго гIажамиязе ва бахъизе буго бану ГIумаяца (оммеядаз.-ред.) хIакълъунго, гьеб бахъарал, бахъулаго шагьидлъарал киналго шагьидзабаздаса тIадегIан рукIине руго Ахираталда».-ян.

Машгьурав гIалим Назир Доргъелияс хъвалеб буго: «ХIакълъунго, Дагъистан ккола Аварагасул (с. т. гI. в.) хириял хIадисазда жиб рехсолеб ракьул баракатаб кесек. Амма хIадисал иснадалъул рахъалъ загIипал руго, ай иснадалда гьоркьор руго цо-цо божи гьабизе бегьуларел гIадамалги, амма магIнаялъул рахъалъ жалго хIадисал загIипал гьечIо. Гьедин абу Гъамитица ва Халилица бицараб мурсараб (иснад Аварагасде (с. т. гI. в.) щолареб, ай иснадалъул рахасалда гьоркьор цо-цо цIарал лъаларел чагIи ругеб хIадисалда буго: «Къизвиналде гъазават гьабе, хIакълъунго, гьеб Алжаналъул тIадегIанал рагьабаздасан буго»,-Янкъизвин ккола гьанже хIадисазги:

ХIадис № 35085. Жидедаса Аллагь разилъаял Абу Гьарайратидасан ва Ибну ГIаббасидасан бицараб хIадисалда буго Аварагас (с. т. гI. в.) абунилан: «Аллагь гурхIаги Къизвиналда ругел дир вацазда»,-ян.

ХIадис № 35088. Ибн Абу Гьиматица ва Халилица Бишбину Салманидасан бицун



Каспий ралъадилан абулеб Къизвин ралъдал рагIалда бугеб бакI. ХIакълъунго Дагъистан Аварагас (с. т. гI. в.) хIадисазда рехсарал гьел Къизвиналъул ракьазде гьоркьобе уна. Гьеб хIадисалъул шархI гьабулаго, имам Манавияс хъвалеб буго; гьеб баракатаб ва хирияб ракьалъул хIакъалъулъ бицен гьабулеб бугилан. МухIаддисуназ ва фикъгьиялъул гIалимзабаз, киналго рекъон, абуна загIипаб хIадис цо гIамалал рецциялъе хIалтIизабизе бегьулилан ва хIарамаб, карагьатаб жоялъул бицунеб гьечIони, гьеб хIалтIизаби беццарабцин бугилан.

Гьединлъидал нижеца гьаб хIадис, цо-цо жагьилзабаз гIадин, нахъчIваларо. Жеги ниж рохарал руго Аварагас (с. т. гI. в.) нилъер Дагъистаналъул ракьалъул хIакъалъулъ баркатабилан абиялдаса ва тIадеги рохарал руго Аварагасул (с. т. гI. в.) амруги гIумроялде бахъинабун, гьесул асхIабзаби гьоркьор ккун ислам нилъехе щвеялдаса. Гьеле гьединлъидалин нилъер ракьалъул гIадамал, табигIинал (жидеда свалат-салам лъеяв авараг вихьарал гIадамал) рихьиялдалъун, табигIу табигIиналлъун лъугьарал. Гьенисан хIасил гьабизе бегьула жидер хIакъалъулъ Аварагас (с. т. гI. в.) хIадисалда: «Бищун лъикIаб заман – дир гIасру, хадуб лъикIаб – хадусеб, гьелдаги хадусеб иргаялда хадусеб»,-илан абураб баракат лъабго гIасру ГIарабиялда гуреб Дагъистаналдаги букIанилан. Рохел буго киналго дагъистаниязе, нилъер ракьалда хIетIе чIана асхIабзабаз ва табигIиназ ва бищун кIвар бугеб жо Дагъистан Аварагасул (с. т. гI. в.) пикрабазулъ букIин». (Назир Доргъели. «Нузгьатул азхIан фи тараджими гIулмаи Дагъистан (Дагъистаналъул гIалимзабазул гIумроялъул хIакъалъулъ )» х1алт1улъ.

Гьав кIиявго машгьурав гIалимас рехсарал хIадисал тасдикъ гьаруна «Канзуль гIуммал» хIадисазул машгьураб мажмугIалда ругел буго Расулуллагьас (с. т. гI. в.) абунилан: «Къизвиналде гъазават гьабе, хIакълъунго, гьеб буго Алжаналъул рорхатал рагьабазул цояб».

Гьеб хIадисалъул шархI гьабулаго имам Манавияс абулеб буго Къизвиналъул хIакъалъулъ гьелдаса кьучIаб хIадис гьечIилан. Гьенисан шархI гьабулез хIукму гьабуна гьаб хIадис кьучIаб ва лъикIаб бугилан (сахIихIун хIасанун).

ХIадис № 35089. Расулуллагьас (с. т. гI. в.) абуна: «Хадуб жиб бахъизе бугеб Къизвин гIа дин хирияб Сугъур (магIардасан нух) дунялал да гьечIо. Гьениб гIибадаталда сордо борчIарав шагьидлъун хвела, сиддикъуназда цадахъ аварагзабазул къокъагун вахъинеги гьавила, Алжаналде лъугьинавизегIан». Лъалеб жо буго Дербенталъул хъала Кавказалъул мугIруздаги Каспий ралъадалдаги гьоркьоб, къваридаб бакIалда букIин ва гьелъ Кавказалъул мугIруздаги Каспий ралъадалдаги гьоркьоб бугеб нух къалеб букIараблъи, гьелъие ГIоло гьелда Баб аль-Абвабилан (Рагьабазулги рагьу,-ян) цIар тун букIараблъи.

ГIабдулкарим Разил «Тадвину фи тарихи Къизвин» абураб тIехьалда гIемерал хIадисал рехсон руго Къизвиналъул (Дагъистаналъул) хиралъиялъул. КIвар кьезе ккараб жо буго гьеб ракьалъул хиралъи ахир заманалда цIакъго цIикIкIине букIин.

Къизвин Ираналда бугин абулел цо-цоязеги жаваб гьабила. Узухъда Ираналда гьединаб цIар бугеб шагьар букIаниги, хIадисазда бицен гьабулеб буго Дагъистаналъул ракьалъул хIакъалъулъ, гьенибе (Ираналъул Къизвиналде) исламиял аскарал Дагъистаналде щун чанго соналдасан гурони щвечIелъул, Иран ГIарабиялде Дербенталдаса гIемерго аскIобегIан букIаниги.

**(Ахир 4 гьумералда)**

Дагъистаниял ва дин

# Дагъистан – Алжаналъул ракь

Гьеб гуребги, имам Тарабияс хъвавухъе, гьижрияб I8-леб сональ халиф ГIумарил (р. гI.) заманалда исламалъул аскарал Дербенталде щун рукIана, гьеб заманалда ГIиракъги Шамги т1убан халифасул кверщаликь рукIинчIониги. Гьеле гьел хIадисал рукIиналъ Дагъистаналъ жиндего кIвар буссинабуна Салман Фариси, Абу Гьурайрат, Хузайфа Ямани гIадал кIудиял асхIабзабазул, гьел гIахьаллъана гьелъул ракьалда гъазаваталда. Жеги доб хIадисалда рехсон буго ахир заманалда ислам тIегьайги. Нилъеца гIумро жаниб



гьабулеб гьаб ахирияб заманалда киб ислам цIикIкIун тIибитIун бугеб: Дагъистаналдайищ яги Ираналъул Къизвиналдайищ?

Дагъаб цебегIан интерненталда батана Къизвин шагьар Ираналдацин гIемер лъикIал гурел гIадамазул шагьарлъун рикIкIунилан. Дагъистанилан абуни бусурбабаз хирияб ракьлъун рикIкIуна ва гьанире рачIине гъираялда рукIуна. Гьеле гьединал хIадисаз Маслама бин ГIабдулмаликил нухмалъиялъул заманалда бачана Дагъистаналде Мосулалдаса ва Шамалдаса 24 азарго хъизан. Сунца рикIкIадал ракьазде рагъухъаби гурелги, аза-азар хъизанал лъималгун рачине бегьулел, Алжаналъул ракьалъул хIадисаз гурони?

Халиф Гьарун Рашидица Дагъистаналде гочинабуна 7 азарго хъизан. Гьарун Рашид хведал гьесул чIужу Зубайдат жийго ячIана кIиго васгун цадахъ Дагъистаналде. Гьел Дербенталда хвана ва Кырхляр хабалалъ рукъун руго. Гьелъги гIемераб жо бицуна.

Гьалда тIадеги А. Р. ШихсагIидовас хъвалеб буго гIарабал-ракълилал гIадамал, суфиял, шайихзаби, гIалимзаби Дагъистаналде XXVII гIасруялде щвезегIан рачIунел рукIанилан. (XI. Алкъадари. асари Дагъистан. А. ШихсагIидов, Н. ТIагьирова, Д. ХIажиева. Арабская рукописная книга о Дагестане»).

I99I сональ МахIачхъалаялъул кIудияб мажгиталъул имамлъун вукIарав туркав АхIмад Джошкун вугеб бакIалда гьеб цебе рехсараб «Дагъистан – Алжаналъул ракь буго»,-ян абураб хIадисалда тIасан хабар ккана. Гьес абуна жив «Аль-Азгьаралда» цIалулеб заманалда гьеб хIадис жидее дарсида бицун букIанилан. Гьелдаса хадуб Дагъистаналде щвезе гъира ккун, Аллагьасде гIемер гьаранила ва ТIадегIанав Аллагьас жиндир дугIа къабул гьабунилан.

**М. ХIАЖИЕВ.**
**«Нурул ислам» газеталдаса босараб.**

# ЦIияб Соналъул гьари

Рекъел щулалъаги, рагъ-къал къотIаги
Рагъул питначагIи мигьлъун тIагIаги,
Россиялде данде квер борхизеян
Хиял гьабулезул гьодал рекаги!

Дару учузлъаги аптекабазда
Унтарал дагьлъаги больницабазда,
Ришватал росулел тохтурзабазе
Аллагьас къотIаги къвакIараб хIукму!

Пенсионеразе гIумро тIамизе
ГIемер гIарац щвайги щибаб моцIрое,
Бюджетниказул харжалги цIикIкIун
Багьа гIодоб ккайги гIалам боххизе!

Рехун тарал хурзал хIалтIизаризе
ХIал бугел гIолилаз кодой босаги,
Кьощнол къалабахъе квен-тIех рехулел
ЧамгIанлъараб агьлу кантIизабеги!

Коррупция тIагIун гIумро гвангъаги
Ришватазул рухьен бич-бичун аги,
Гьарулел цIикIкIаги, холел дагьлъаги
Улка цIунулезе халкъ гIемерлъаги!

ЧIагого алжан щун кепалда ругел
«Кутузул» тIомазда тIад цIа бакайги,
«Райский уголокал» кодор ругезда
РукъалъуI бокIназда борхьал къинлъаги!

Аллагь рехсоларел мунапикъзаби
ЖужахIалъул тIинда тIупун хутIаги!
Чохьое хIалтIулел чиновниказда
НагIанадул тIилал тIад расандаги!

ГIадлу щулалъаги, закон къвакIаги
ВахIшилъи лъугIайги, гIаданлъи цIикIкIун,
Рахьдал мацI цIунизе тадбир гьабизе
Цере рахъунезул гуч щулалъаги!

**ТIалхIат АХЪБЕРДИЕВ**
**Россиялъул журналистазул ва хъвадарухъабазул Союзалъул член, захIматалъул ветеран.**

ЦIияб Соналъул махсаро

# Аураялъул сурат

Шагьаралъул къотIносан унаго цояс бихьула аураялъул сурат бахъулеб офис абун кIалтIа рекламаялъул щит чIвараб бакI. Гьесие бокьула жиндирго аура кинаб бугебали лъазе. Лъугьуна жаниве. Гьений ятула хабар-калам гьуинай чIужугIадан.

-КигIаналде гьаниб аураялъул сурат бахъулеб,-ян гьикъула



бихьинчияс.

- ЧIегIераб – 500, кьер бугеб – I000,-ян жаваб кьола гьелъ.

-Дие бокьилаан кьер бугеб,-ян абула бихьинчияс.

-Гьанив вахъун чIа мугъги экраналдехун кьун,-ян къадада чIвараб кIудияб маххул листалда цеве эхетизавула чIужугIаданалъ гьев. Гьелдасан рачIунел кварал чIвала школалъул калейдоскопалда релъараб устройствалда.

- ХIухьел цIаге,-ян гьесдаги абун чIужугIаданалъ кнопкаялда килищ чIвала. Телескопалдасан гIурччинкьераб канлъи кунчIула. – ЛъугIана, метер вачIа сурат босизе,-ян абула гьелъ.

Нахъисеб къоялъ кIудияб гьираялда рокъобе суратги босун гьелъул кьеразухъ валагьулаго ракI хинлъун уна гьасул. ЦIакъго гвангъараб кьер букIана бетIер сверухъе. ЛъикIго валагьидал буго канчIаб гIурччинккараб кьералъ хъвараб лъабго хIарп: «Лох» (гьокIокI),-абун.

Векерун офисалдегун щим бахъун гьикъула гьас.

-Гьаниб щиб хъван бугеб?

ЛъикIго ялагьун чIужугIаданалъ жаваб кьола. –«Лох». БукIуна гьадинабги,-ян.

-Дун лох ватани кинабго гьереси буго, гьаб кинаб букIаниги аура гуро.

ГIемер лъугьана чIужугIадан аураялъ гьереси бицунарин гьев божизавизе. ХIасил кколареблъи бичIчIидал гьелъ нахъехун свери-забула сурат ва абула: - Гьадин балагьани гьаниб кинаб букIаниги «Лох» гьечIо, хIарпал релъарал руго римазул хIарпазда. Бихьулищ?

-Бихьула.

-Дур римазул кьалбал ругищ?

-КIудияй эбелалъ бицун букIана Италиялъул ругилан.

-Бихьулищ, гьединги бегьула.

Къокъго абуни бихьинчи аураялдаса разиго хутIана.

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 12. 28. 2021 г.
17.30
фактически -18. 50 мин.
..........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 988 экз.